Соколёнок

# Лачен

3/2015
май - июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## Мухlамад Хириясулаев

# Лъимадул рохел



Лъимер чIухIун буго,
Гъимулеб буго,
Гъеб зоб-ракьалдаса
Разиго буго.

Тамахал, понцIорал,
ГIисинал кверал
Бакъул чIорал кквезе
Рорхулел руго.

Лъимер бохун буго,
Чвахун унеб лъар
Чан гIадин кьурдасан
КIанцIулеб буго.

ГIарцулаб лъаралъул
Чвахиялда тIад
Бакъуца нуралъул
Баргъич ххун буго.

Лъимер бохун буго,
ГIурччинаб харилъ
Хухазул рехъаби
Кваналел руго.

Доб авлахъалдаги,
ХъахIилаб магъилъ
Хъудулеб бихьула
ЦIияб трактор.

Лъимер чIухIун буго
Жакъа тIолго ракь
Рокьулел кьераца
Белъун бугелъул.

Дунял кьерхун гьечIо,
Кьалул хъуй гьечIо,
Ракълил кверал кини
КIикIулеб буго.

# Яцалъ букварь цIалула

ГьитIинай яц Бицада
Букварь цIализе лъала:
Лъимал, азбар, арбуз, руз, -
Разиго йиго эбел.

Гьелго рагIаби дица
Доскаялда хъванани,
Хъарщи цIализе жеги
МалъичIилан чIола яц.

Щибаб рагIуда аскIоб
Суратал рахъанани,
Хъарщи гуреб, тетрадцин
Берцинго цIалила гьелъ.



# Аквариум

ГьитIинаб аквариум
ГьитIинаб ралъад гIадин,
Меседилъ ччурал гIадал
ЧчугIби жанир лъедолеб.

БакI къварид букIаниги
Гьел цоцалъ рагъуларо,
- Кидаго рекъон чIа, – ян
Ракъун дица толаро.

РакI гъолареб мехалда
ЦIорода цеве чIола,
Валагьидал рекIелгъей
БукIуна дие гьезул.

ЧчугIби гаргадуларо
КигIан дун кIалъаниги,
КIалдиб лъим ун, гъанкъилин
Ратила, руцIцIун чIарал.

## ГIабдулмажид Хачалов

# КIодол гъалатI!

- Кодобе босизе бегьулеб я сахаб хIуби, я лъел хутIун гьечIо хуриб! Кинабго цIоросаролъ гъурун бан буго! – ян абуна Залму-кIодоца хуриса тIад юссарайго. – ГьабсагIат ина директорасухъе! Биччанте кколеб гIадлу гьабизе.

- ДиректорасухъегIаги щай? Гьесул гIакацин гьечIогури, хур хвезабизе, - янги абун, кIодода цеве чIана дир гьитIинав вац АхIмад.

- Директорасухъе щайзейилая? Гьадаб жиндирго школалъул лъималазе гIадлу гьабеян абизеха. ГIака букIарабани, бачун бокьобе гьелаан. Лъималазда щиб гьабилеб? ТIокIаб бакIищ гьезда батичIеб?

Нижеца Залму-кIодое рагIи кьуна хур хвезабурал лъимал лъазаризе. КIодоги директорасухъе гIарзалъ инчIого чIезе разилъана. АхIмадицаги дицаги хIукму гьабуна: радал – дица, къалъудаса хадуб, дун цIализе араб мехалъ – гьес, кIодол хуралъе хъаравуллъи гьабун, гьеб хвезабурал лъимал тIадго кквезе, цинги вожатаялдаги бицине, къадал газеталдаги рахъизе.

КIодол хур букIана росда нахъа бугеб гьитIинаб хьонлъиялда, гъутIбузда гьоркьоб. ТIубараб анкьалъ хьвадана ниж гьенире. Амма нижеда хуриве вачIунев цониги чи вихьичIо.

- ЦIакъал хъаравулзаби рукIун руго нуж, хутIарабги хIуби бегизабун буго! Нужго ратила доре расандизе унел! – ан дагьайги ццидахун ячIана гьатIанкъоялъ хурие щвезе ун йикIарай Залму-кIодо. – БитIахъе гьаби рагъизарураб бакI гIадин буго хур!

Нижеца хурги хвезабичIин, гьени-



ре лъималги рачIинчIин кигIан цIакъ бицаниги, кIодо нижеда божичIо. Гьей гьанже лъидасаго цIакъ АхIмадидаги дидаги щаклъун йикIана.

- Метер дун ина, кIодо, дур хур цIунизе. Гьениве гIагарлъарав чиясул махIабазулъ туманкI речIчIила, - ян махсара гьабуна нижер инсул къебелъухъе гудур къачIазе вачIун вукIарав ИсмагIилица. Гьев росулъго цIар рагIарав чанахъан вукIана. Гьес цо нухалда, гудраца ккун, чIагояб бацIцин бачIун букIана росулъе.

Жий махсароде кколей йигилан ИсмагIилидеги гъулгъудилаго кIодоги ана, жиндирго гудурги босун чанахъанги рокъове ана.

Цо къоялъ радал, жеги бусалъа рахъиналдего, нижеда къватIисан ахIулеб гьаракь рагIана:

- Залму-кIодо! Ва Залму-кIодо! КъватIие яккея, дурго хур хвезабураб хъачагъ бихьизе, - ян ахIулеб букIана ИсмагIилица.

Ниж хъата-масан къватIире раккана ва цIоро-гъорон хутIана. Халатаб гIералда габурги бухьун, ИсмагIилица азбаралда добе-гьанибе бехъерхъулеб бугоан цо тамашаяб жанавар. Ццин бахъараб гьелъ цебе батараб гамачI, ракьул гIерекъ хапун кIалдиб кколеб ва хIанчI-хIанчIун балеб букIана.

- ЦаратIинчI! ЦаратIинчI! – ан ахIдолаго, АхIмад азбаралде векерун ана. Гьесда хадувго дунги ана.

- Батила дуе, варанидул тIинчI батила! Дуда царал суратгойищ бихьичIеб тIехьалда? – ян абуна, кIвекIулаго бералгун, тIохил рагIалда чIун вукIарав Салимица. – Гьеб буго гIалхул кету.

- БукIинарищха! Бице, катица хурищ хвезабулеб? – ан Салимида данде хичана АхIмад. – Гьаб буго рохьил болъон. Бокьани, гьоркьоб жо бала. Мун бергьани – дир чанагъал дуе, дун бергьани – дур торгIо дие. Разияв вугищ?

Гьеб букIана киданиги нижеда бихьичIеб жанавар. Гьелъул букIана гIанкIил гIадаб къокъаб рачI.



ГьитIинал хъепарал гIундул. Надалдаса гIодобе дагьабго хъахIлъиялде свераpаб мухъ. Къваридал, къватIире цIутIаралилан кколел берал, ццидацайищ, ялъуни кьаралъиялъищали лъаларо, цIадул хIенхIал гIадин, кунчIун рихьулаан. Къокъаб цIахIилабилан кколеб гьелъул рас, жанисан беэнлъи бецIцIулеб кинигин, бакъалде данде кенчIолеб букIана. Амма, щив вугониги аскIове гIагарлъани, ялъуни тIил бегьани, мугъзадаса рас борхун, хучун бачIунаан. Цересел квачIазда рукIана рицатал килщал гIадал малъал.

КIодоца, бигьа гьабун, гIеретI гIодоб лъуна, чIинчIудал гIинщалъ рацIцIинеги рацIцIун, мухIканго цIороберал мегIералда тIад рекъезаруна, цинги, таваккалго гьечIого, цокIиго галиялъ цеегIан къана.

- Гьа-а-а! Абищха доб букIараб, Аллагьасул тушман! – ан ццинбахъун абуна Залму-кIодоца, нахъеги кIиго галиялъ цеегIанги къан. – ГIадада гуро аб торгIо гIадин гургинлъараб. Дица гьабила гьалъие гIадлу...

Гьелъ бокьалъул нуцIил кIалтIа букIараб тIил кодобе босана.

КIодо аскIое гIагарлъулаго, цо тамашаяб пунхъиги гьабун, хучизе расги гьабун, жанавар эхеде кIанцIун бачIана. Кодоса тIилги бортун ун, кIодо нахъегIан кIанцIана.

- Бихьулищ бахьикъосил нич тIагIин! ХIанчIизецин нахъе къаларо гьаб! Дица гурищ дуе!..

КIодо кутакалда хIинкъидал чанахъан ИсмагIилида релъи кквезе кIвечIо.

- БакьучалъукьагийищгьедигIан цIакъ хIинкъулей, Залму-кIодо? – ян абуна гьес велъулаго. – Гьабни хIинкъиялъ пенхъолеб жо буго. Дица гьабсагIаталъ цIоко бахъила гьелдаса. Дурго цIетIа хьаг лъезе а, гIемерго кьарияб гьан батила гьелъул...

- КIваричIо, дир вас. Гьеб тушманалъул гьанго бакьан гуро дие. Якъуца хвезе къадар батаниги, квинаро дица гьеб, - янги абун, Залму-кIодоца гIеретI кодобе босана. Болъодеги яхун, гьей лъалхъана, бакьучалъухъ ялагьана. – Дуца гьеб чIаго толареб батани, дида бихьулареб бакIалдеги бачун чIвай. Кин бугониги, Аллагьас бижараб рухIчIаголъи бугелъул, ракI гурхIана дир гьелда...

Гьеб букIана нижеда тIоцебе бихьараб бакьуч.

ИсмагIилица гьеб нижер школалъул биологиялъул учителасухъе щвезабуна.

Бакьуч лъималазде ругьунлъун буго, гьез гьелъие бачIуна чед, пихъ-мичI, ламадур. Щиб кьуниги, гьираялда кванала гьелъ. Амма бакьучил берал, церего гIадин, пашманго рукIуна.





# Нурудин Юсупов

# Дир кIодоэбелалъе кумек гьабураб лъица

Дир йиго кIодоэбел,
Жиндир гIумрудул нухда
ГIемераб жо бихьарай
Гьелъул буго нусго сон, -
Дица хIукму гьабуна
Гьей хIикмалъизайизе.
Дун ургъизе лъугьана,
Амма лъачIо кинали...

КIодо тIаде яхъана,
Иццде ине къасд ккана.
Хъаба кодоб босана,
Амма гьеб цIун батана.
Гьелда лъалкIал рихьана,
Лъилали тIаде ккечIо.
КигIан валагьаниги,
Гьеб цIурав чи ватичIо.

Каву-къоно лъухьизе
Азбаралда яхъиндал,
Гьенибги кинабго бакI
БацIцIад гьабун батана.
Гьей гIемерай ургъана,
Амма хадуй гIунтIичIо:
Лъица азбар лъухьараб,
Лъица бацIцIад гьабураб?

Цо нухалъ кIодоэбел
ЩIул бичIизе яхъана,
Амма гьелда кьер гьабун,
Гьеб сокIкIун лъун батана.
Гьей ургъизе лъугьана,
Амма хадуй гIунтIичIо:
Лъица цIул бичIун лъураб,
Кьер гьабун, гьеб сокIкIараб?

Гьедин къоял къокъана,
Гьедин сонал сверана,
КIодо цIакъ хIикмалъана,
ХIалтIи лъилали лъачIо...
Дида лъала гьелъие
Лъица кумек гьабураб.
Амма лъай, гьудулзаби,
Гьеб дица бицинаро;
Щай гурелъул, жиндирго
Гьунараздаса чIухIун,
ЦIалдохъанас бицине
РекъечIеб жолъун гьечIищ?



## ГIарип Расулов

# ДахIадада

ГьитIинав АхIмад радал цудунго рагъиде вахъун вачIана. Берал кIвекIана. Росдаде балагьараб бакъдаса эхеде ххарун унел рукIана гIодонакIкIул тIелал. Доба, тIогьибе щолелъул бугеб кIудияб кьурда цебе, накIкIуца данде кIутIун, мухIканго гьабун бугоан хъахIаб магжил херасул сурат. АхIмад хIикматго, хаган кIалгун, валагьун хутIана гьеб, гIажаибго кIудияв инсул сипаталда релълъараб, сураталъухъ. Цинги, рекIеда ватун, гIедегIун рокъовехун ахIдана:

- КIудада! КIудада! Гьаниве вачIая!

- Гьа, дир гьитIич, щиб ккараб? Оцоца кIкIара чIванищ, хIелкица хоно гьабунищ бугеб? — ан гьурмадаго разияб гьимиги щущазабун, гьасда аскIове вачIана херав.

- Доле, валагье! Къосин гьечIеб дур сурат бахъун буго накIкIуца кIудияб кьурда тIад!

ГьитIичица бихьизабураб рахъалдехун валагьарав ХIасанида бихьана гьеб. Унго-унгоги гьасул сипаталда релълъун бугоан доб.

- ВахI, чамги хIикмалъи букIуна тIабигIаталъ гьабулеб, - ан абун кIудияв валагьун хутIана долъухъ. Добин абуни гьеб параялъго мугIрузул тIогьибе бихха-хочун ана. Кодоса боржун араб анищалъухъ кинигин, АхIмад, довехун валагьун, пикрабазда хутIана. ТIубараб гIумруго ана кIудадал гIияда нахъа вехьлъун. Гьанже, херлъидал гьас тезе ккана гьеб рекIелаб хIалтIи.

Гьелдаса нахъе чамго сон ана, дунялалъул нухалги къокъ гьарун, гьев гьаздаса ватIалъана. Амма рекIелъ къан кенчIелеб хутIун букIана дахIададал сипат. Гьеб пикругун, гIолохъанав художник АхIмадица хIукму гьабуна, доб кьуртIа тIад киналго мустахIикъал гIадамазе гIахьалаб сурат бекIкIизе. Биччанте даималъго хутIизе гьеб дахIададал сурат.



## ХIажи Гъазимирзоев

# Бихьинчи ХIамзат



ХIамзат рокъов вугони,
Рукъалъул ургъел гьечIо.
БоцIиги гьес къачIала,
Рукъги васас лъухьула.

Рокъоб лъим батичIони,
Вортула гIеретI цIезе.
Рохъо бахъун, цIа бакун,
ЦIеда хъазанги лъола.

Эбел магъилъ кватIани,
Танкан хадув вортула.
Кверзул гьокоги бачун,
Бачазе хер босула.

Эбелалъул ясилан,
Васаз гIад-хочI гьавула,
Лъадайищ ячIараян,
Ясазги валъаргъула.

ХIамзатий гьезул хабар
ТIохде бараб цIад буго, -
Эбелалъул кумекчи
Нечезе щайзе кколев?

ХIалтIукьа хIинкъуларев
БахIарчи вуго ХIамзат,
Сундуйго махщел бугев
Бихьинчи вуго бабал!



Тубхьан Зургьанова

# Хасалихълъидул бика

*(маргьа)*



РукІанила, рукІинчІила, лъимал, божаразе гьанжеги ругила, божичІезе гьезеги гьечІила, зодил парччахІасул ункъо яс. Ясалги ясалищха гьел ругелила, жалго ясикІаби гІадалила, гІанаби багІаралила. Ункъайго яц цоцада релъулъаралги ругила, ретІа-къай узданалги ругила, гьаруди рекъаралги ругила, рукъ-бакІ къачІалел рукІун, кІвахІ щиб жоялиги лъаларила.

Ункъайго бикал месед-гІарацалъул кІилкІал - курхьабазул хІат букІинчІила, сурпатІутІалъулги гьарзалъиялда нилъ божуларила, ретІел - хьиталъул берцинлъиялъул бицун хІалги кІоларила.

Чорхолъаги гьурмалъаги дагьалго жанир цІурал зодил хІурулгІинзаби бакъ-моцІалъул куц босарал ругила. ЦІорол ясикІабазул гІадаб гьанал кьер бугила, цо гъалипаялъулъ риун тІурал гІадал ункъо меседил горо бугила. Буратинодаса хутІараб цІулал гьарурал гІадал, мугъзада чехь рекІарал, хьит цІезе хІетІе гурел, гурде цІезе черх гурел Барбиялги гьадингосел жалила.

Щиялъе ретІел-хьит батІи-батІияб кьералъул бокьулила. ТІоцеесей яцалъ кидаго ретІулила

хъахIаб ретIел, кIиабилелъул рекIее къабулаб бугила чараб партал, лъабабилелъе хирияб бугила гIурччинаб кьер, ункъабилелда кидаго букIунила тIогьилаб ретIел-хьит.

Цойгиги хаслъи бугила яцазул: гIамал-хасиятги букIинарищха щиялъул хасаб. ТIоцеесей яц йигила гIодое йиччарай, ракIбацIцIадай, хIанил ясикIогIанги хъахIаб кьер-гьаналъул, жийго йигебщиналъубги рацIцIа-ракъалъи бокьулей. Амма эй рекъолареб жо бугила цого-цо хинлъи. Гьелъул рокъоб печгицин гьечIила. Эбелалъ цебе лъураб квенги гьелъ цIорон хадуб гурого кваналарила. ЦIорораб гуреб жо я кIалдибе биччаларила, я кодобе босарила. Хинлъи бокьулел яцаздаги эй цIакъ гIажаиблъи гьабун йикIунила.

КIиабилей яц йигила дагьай чIинкьа-кIитIарай, чIаголъи чорхолъ бессарай, гьимизе багьана къваригIунарей, яхъун рукъ сверун кьурдизе гIилла хIажалъуларей, хIалхьезегIан кьижунги букIун борчIараб лъимер гIадай жо.

Лъабабилей яцалъул хасият бугила тIегь-хералъул босараб гIадаб беричаб, хIанчIазул бакънизул бессараб гIадаб ракI тирхараб, гъутIбузда барщулеб бугеб кьер-кьераб татуяб пихъил щвараб гIадаб, гIадамазе жийго йокьизаюлеб, рохьил пихъ гIадаб гьайбатаб.

Ункъабилей яцалъул гIамалалъ гIажаиблъизарулила. Цин, бакъ щвараб къоялъ гIадин, тирхакIичун лъугьунила, цинги, чвахун балеб цIад гIадин, гIодизе балагьулила, нахъеги, накIкI лъураб зоб гIадин, буризе кIутIбиги гьарун, барщун ятулила. Амма цо цIакъго лъикIаб гIамалгиха ункъабилей



бикал бугеб: киналго яцазда гъорлъ бищун кIвахIгьечIейги, узданайги, ракIари бугейги йигила.

ЦIаралги ругила зодил парччахIасул ясазул цIакъго - цIакъ жидерго гIамал-хасиятазда рекъарал. ТIоцееселда – Хасел, кIиабилелда – Их, лъабабилелда – Рии, ункъабилелда – Хасалихълъи.

Щияй яцалъул жинди-жиндир тIадаб хъулухъ-ишги бугебила, цин – цояй, цинги – цояй, ункъайго рещтIунила Ракьалде. Инсул хъала цо-цо яцалъ лъаб-лъаб моцIалъ рехун тезе кколила. Зодил хIурулгIинзабаз Ракьги, Ракьалда бугебщинаб гъветIхерги, рухIчIаголъиги жидеего мутIигI гьабулила. ГIодое рещтIарай яцалъ тIоцебе Ракьалда жиндиего бокьулеб кьер ретIунила, цинги гьениб ханлъиги гьабулила.

Жинде ирга щварай, Хасалихълъиян цIар бугей зодил бика Ракьалде рещтIунеб къо бачIанила. Гьелъие бищун бокьулеб тIогьилаб кьер реханила сверухълъиялда, гьелъул гIамалхасиятго гIадин, цIадал чвахулила, жакъа роцIун бугилан кканиги, къадеялде гьава-бакъ кьерхулила, бикал кIутIби гIадин, накIкIал бурун чIолила, буран бахъараб мехалъ «мэ»-ги бачун, кьагIи улбузда рекIун чIолила, къадакаби къадазулъ рахчулила, тIугьдуз бутIрул далулила.

Хасалихълъи зодоса рещтIараб къоялдаса нахъе лъабабго моцIалъ Бакъул ракI бохизеги биччачIила.

Амма Хасалихълъи кIвахI гьечIейги йигелъулха, тIа-тIала лъун квералгун чIезе элда лъаларелъулха, къоял гьитIинлъулеб заманги бугелъул, гIадамаз хасалоде хIадурлъи гьабизе байбихьанила: хур-хер бакIарулила, хIан-нах данде гьабулила, гьан бакъвазабулила, доре рекерун, гьанире рекерун, рокъобе тIощелги хасало рукъзал хинлъизе цIул-ракги – кинабго данде гьабулила. Гьездаса нахъе ккун хIайваналжанаваралгицин чIоларила, хасалиде нахърател хIадуризе киналго тIаделъанила. Сардилъгицин къватIибе бекерун, хуриса мугь бакIаризе гIункIкIги лъугьанила, гьелдаса хутIараб бищизе къадакоги жубанила, рохьил пихъ рукIкIбузда къан бакъвазабизе гIужрукъги багъаранила, щибаб жанаваралъ жинди-жиндир гъамас цIезабулаго, гьеки-гьунщиялда рохьил жамагIат бекерахъдилеб букIаго, «дир ункъабго квачI дие хаселалъ цIункIизе гIолин», жиндирго гвандинибе циги гебегун анила.

Гьеб гьайт-гьуйтги Ракьалъе гьабун, кинабго рукIалиде ккарабго, лъабабго моцIалъ Ракьул ханлъун йикIарай, тIогьилаб, меседил кьераб ратIлил бикаги Зодоего тIадюссине къачIаданила.

Гьелъул бакIалда, гIазул цIвабзазул бессараб, гIазухъахIаб ретIелхьиталъги баргъич-кIиликIалъги хъахIал чIоралги риччалаго, Ракьалде рещтIанила Хасалил бика.






# Буйнакск шагьаралъул 6-абилеб школалда рахьдал мацӀалъул къо

Буйнакск шагьаралъул 6-абилеб школалда тӀобитӀана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацӀазул къоялда хурхараб, «Сунареб нур буго дир магӀарул мацӀ» абураб тадбир.

Миллияб ратӀлица хассаб нур базабурал, дагьалги берцинлъарал гӀун рачӀунел магӀарулаз ралагьаразулги берал кенчӀезаруна. Лъималазул кьурди-кечӀалъги, рекӀехъе цӀалулел магӀарул шагӀирзабазул кучӀдузги батӀияб, рекӀелъе босулеб байрамалде сверана гьеб къоялъ гӀагараб школалъул гӀумру.

Гьенибго тӀобитӀараб гӀагараб адабиятги маданиятги лъаялда хурхараб олимпиадаялда бергьарал жигарал гӀахьалчагӀазе кьуна грамотабиги.

Тадбиралдасаги жидерго лъималазе рахьдал мацӀ бокьулеб букӀиналдасаги, цӀалдохъабиго гӀадин, цӀакъго рохана талихӀаб гьимиялъ гвангъарал гьезул улбулги.



# Дир ЧIарада



ЧIарада, берцинаб мугIрузул улка,
Урхъун вугев куц духъ, ворчIами, дир ракь!
РикIкIада мугIрузда гIумру тIамулел
Къаралал, рокьулел, босе дир салам!

Рорхатал щобазда гIадра тIегьала,
ТIадегIанал мугIруз бутIрул рорхила,
Ризал дур рохьазда гIумру борчIила,
БачIанщинаб къоялъ дуй салам кьезе!

Кьвары араб тIабигIат, кьварарал васал,
Дун – гьездасан цояв, мун – дирги чIухIи!
ВорчIами, ЧIарада, лъикIаб инсул ракь,
Бокьула мун дие, цIумазул ватIан!

*Салманов ГъазимухIамад,*
*9 «а» классалъул цIалдохъан*





# Дир росу



Дир гIагараб МочIохъ, чIалгIун йиго дун
Рорхатал мугIрузухъ, хехал лъаразухъ,
КIкIалахъан чвахулел чабхил иццазухъ,
Чундул расандулел расалъабазухъ.

Урхъун йикIуна дун рогьалил гIужалъ
Недегьаб гьороца гьелчолел тIугьдухъ,
Къаси зодихъ паркъон, кенчIолел цIвабзахъ,
ЦIвабзазулъ гвангъулеб шагьримоцIалъухъ.

Шагьаралъул гIумру, гIадлу гьечIеб халкъ,
Хун, лъугIун бугеб яхI, намус ва чилъи;
Дун йохун йикIуна росдал чагIазулъ
Дагьабниги асар гьелъул батани.

*Чупалаева Нуцалай,*
*11-абилеб классалъул цIалдохъан.*






# Дир Буйнакск




**Ассаламу гІалайкум,Кавказ чІухІараб букІон,**
**Лебалав Уллубийил цІар лъураб Буйнакск шагьар.**
**Дир хирияб, гьарзаяб, дир гьайбатаб, берцинаб,**
**Кидаго дун чІухІулеб, чІахъаги Буйнакск шагьар!**

**Киналго миллатазул цогояб хъизан гІадин,**
**ГІумру цадахъ тІамулел руго дир шагьарцоял.**
**Дир хирияб, гьарзаяб, дир гьайбатаб, берцинаб,**
**Кидаго дун чІухІулеб, чІахъаги Буйнакск шагьар!**

**Дун гьавураб ва гІураб лъимерлъиялъул кини,**
**Дир рохелги, дир кечІги, даим сунареб цІваги.**
**Дир хирияб, гьарзаяб, дир гьайбатаб, берцинаб,**
**Кидаго дун чІухІулеб, чІахъаги Буйнакск шагьар!**

*Чинчуров ХІамзат,*
*9 «а» классалъул цІалдохъан*

# Яцако Умайчу



Яцако, берцинай,
Мун дир цо йиго,
Дир хIеренай, лъикIай,
Бищун йокьулей.

Дир берзул канлъигун
Каранзул хIухьел,
Мун гIадай гьечIони,
Яцго щибизе.

Дир ургъел бикьулей,
Макьу бицуней,
Рохел-къварилъидулъ
Даим цадахъай.

Умайчу, хирияй,
ТIинай яцако,
Дуй кинабго лъикIаб
Гьарула дица.

*ПатIимат Мусаева,*
*7 «в» классалъул цIалдохъан*





# ТIугьдузул кваци



Дир гьитIинав вацас дий
ТIугьдузул кваცIи кьуна.
ГIемер йохиялъ дица,
Рорхун, каранде къана.

Гьел речIалилан хIинкъун,
Росун лълъелъ жанир лъуна.
Гьезул берцинлъиялъухъ
Ялагьун дун хутIана.

Дир хирияв вацако,
Сахлъи кьун, вохун таяв,
Эбелалъул берзул нур,
Диргоги рекIел дарман.

*Мусаева Умайчу, 6 «б» классалъул цIалдохъан.*




Халид Сагидов

# Эбелаб парччахI - най

*( Байбихьи - 2008 соналъул « Лаченалда»)*



- Эбелаб парччахI - наялъул хIакъалъулъ рагIизе бокьилаан дие, - ян гьарана Марсилас.

- Эбелаб парччахI - наялъ лъабкъоялда щуго сонаалде щвезегIан гIумру гьабула тIала-азбаралда жаниб. Гьедин херлъун хола гьеб тIала-азбаралъуб. ПарччахI хвани, тIубан найил тIала-азбаралъул гIадлу хола.

Наязул хIалтIи тIубанго чIолин абуниги, мекъи ккеларо; хъаравул забаз бокьа-бокьарав жаниве вичча-ла, хIалтIул наялъ тIубанго гьоцIо бакIари жибго тола, тIанчIазе гьа-булеб хъулухъ рехун тола, цIияй эбел-парччахI тIалаялде жание яккизегIан, хIасил, найил тIала-азбар магIирукъалде сверула.

Гьеле гьеб заманаялда тIалаялда жанире раккула гьоцIо бикъизе цоги азбар-тIалаялдаса цIогьалги, загIиплъараб найил тIалаялде гьужум гьабун, аскIор мадугьа-лихъ ругел гьезул гьоцIо бахъунги бикъунги жидехъего баччула гьез-ги. ЦIунцIрабицин рачIуна гьеб тIалаялъуса гьоцIо бикъизе.

Гьединаб куцалда найил тIала загIиплъула эбелаб парччахI хун хадусаа. Гьеле гьединлъидал хIалтIул наяз, хехлъи гьабун, ха-латал хIедул къалалги гьарун,

ханалги лъун, хьихьун цIиял улбул-парччахIал рахъизе тIалаб гьабула, тIубанго найил тIала тIагIун иналдаса цIунун.

16-абилеб къоялъ улбул-парччахIал къалазухъа къватIире рачIуна щуго-анлъгогIанасеб къадаралда, гьел цоцалъ рагъун, цоцаца чIван, цо къуватаб, бергьараб нахъе хутIула.

Бихьинал наялгун цадахъ гьеб бертадулаб сапаралъе тIалаялдаса къватIибе бахъуна ва гьелъ, тIадбуссун бачIун, ханал лъун, гьеб загIиплъараб тIала, тIинчI бахъун цIияб гIумру кьун, хIалтIизе биччала. Гьеб, тIокIаб тIалаялдаса къватIибе бахъичIого, ханал гьарулеб букIуна.

- Бихьин-наялъул хIалтIи кинабха букIунеб бертадаса тIадбуссун хадуб? — ан гьикъана Марсилас.

- Бертадул сапар тIубан хадуса, гьел парччахIгун цадахъ тIадруссун, тIала-азбаралъуре рещтIун, щибго хIалтIи гьабичIого, гьоцIо кванан кеп босулел рукIуна, щай абуни, гьезда цоги хIалтIи гьабизе лъаларелъул. Нижеца тIадруссарал гьел чIукIнаби тIала-азбаралдаса нахъе къотIула, дандечIараб чIвазеги чIвала.

- ВахI, гьеб кин, гьезухъ ярагъ-хечго гьечIебищ нужеда данде чIезе?

- ТалихIалъ гIолохъабазухъ ярагъ гьечIо, ярагъ, загьруяб хеч нижехъ, ясазухъ буго.

- Гьедин гIолохъаби хIакъирги пакъирги гьаризе бегьулищ? — ан гьикъана Марсилас велъулаго.

- Щай бегьулареб, парччахIгун гьабулеб ригьин-цIаги лъугIана гьезул, парччахIалъги рехун тана гьел, цоги кинаб бугониги пайдаяб хIалтIиги гьез гьабулеб гьечIелъул, гьел чIукIнаби щай къваригIарал хIалтIухъабазе.

Гьаб дица бицарабги дудаго бихьарабги бугоха нижер наязул гIумру. Гьалдалъун нилъер экскурсия лъугIана, - ян абуна Роза-наялъ Марсиласда.

- Бегьулеб батани, инсанасулги нужерги кинаб гьоркьоблъи бугебалиги баян гьабизе бокьилаанха дуца дие, - ян гьарана Марсилас Роза-наялда.

- Нижер наслу цебе заманаялда, цIакъ санагIат гьечIого гIалхуда гIумру гьабулел руго, жанире руссине бакI гьечIого, кьурабалъ, нохъазда, рохьазда...инсанас нижер тIалаб гьабун, гьес гIемерал тушбабаздаса цIунун, ниж жиндирго бербалагьиялда гьоркь чIезарун руго. Гьарулел руго нижее жаниб гIумру гьабизе санагIатал тIулби-азбарал. БатIи-батIиял унтабаз унтани, ниж инсанас, дару-сабаб гьабун, сах гьарулел руго.

Инсанас нижер къойилаб тIалаб гьабула. Гьединлъидал, баркала хIисабалда, нижеца инсанасеги нижеегоги гIезегIанасеб гьоцIо бакIарула. Нижер гьоцIо, хIе, прополис ва наязул загьру инсанас жиндиего дару-сабабалъе хIалтIизабула. ХIасил, инсанас нижер тIалаб гьабула, нижеца инсан сах гьавулел, наязул къиматал нигIматал гьарула.

- Ниж азбаралда цебе бугеб хьорщода рещтIараб мехалъ нужер хъаравулзаби, батIияб махI чIван, хучдул рахъун, дун чIвазе абун лъугьун рукIана. Инсанасде данде рахъунищ гьел, гьедин хучдулгун, гьесда гьел къазаризе?

- Найил адаб хвезабун, хьвагIулаго кIалдиса гIаркъил, чагьиралъул, хъалияналъул махIгун вачIарав чиясде данде охранаялъ ахIиги бан, кинабго азбар-тIалуялъуб бугеб най гьев чIвазе тIаделъула. Нижее цIакъ рихарав вуго гьекъолдухъан, наркоман ва хъалиян цIалев чи.

- Щай?

- Щайгурелъул инсанасеги гьеб квешаб гIамалалъул чи рихарав вугелъул. ЛъикIав инсан цIакъ адабалда, берцинго вачIуна нижехъе гьоболлъухъ, нижецаги гьесул адаб хвараб

жо гьабичIо жеги ва гьабизеги гьечIо.

- Йо, хIурматияб Роза-най, дуе экскурсиялъухъ кIудияб баркала, ма дуего сайигъаталъе гьаб Марс-планетаялъул нижеца суратал рахъун цIураб тIехьги ва гьаб батIияб лъикIаб мобильный телефонги, нилъ цоцада рихьун кIалъалеб. Нижеца доба Марсалда гьелъул цIакъ цIикIкIун къиматги гьабула. Нилъ цоцаде хадурккунги кIалъазе руго, чара гьечIого. Нилъ гьанже кидагоялъе гьалбаллъун рукIина. СанагIат ккани, щиб лъалеб, кIиябго планета – Ракьги Марсги – кинабго рухIчIаголъи цоцазухъе хьвадулел гIагарал ракьал лъугьинеги бегьула кватIичIого.

Гьанже, бегьулеб батани, Роза-най, дуца цо цIунцIраялъулгунги гьабе дир лъай-хъвай, гьезул гIумру бихьизеги бокьун бугин дие.

- ЦIунцIраби гьанир гIемер рикIкIад гьечIого ратила нилъеда, - янги абун, Марсилавги Роза-найги тIалуазбаралдаса къватIире рахъана.

Хун къватIире рехарал наязул лугби къотI-къотIулел цIунцIрабазул руккел батана гьазда.

- Ле, цIунцIраби, гьобол восиларищ? – ан ахIана Роза-наялъ цIунцIрабаздехунги буссун.

- Валлагьи восилаха, - ян бачIун цебе чIана хIалтIухъан-цIунцIра.

Роза-наялъ цIунцIраялда гьобол вихьизавуна.

- Дида цIар Марсилав буго, - ян, каранда кверги лъун, дагьавго къулана гьобол.

- Дида цIар ЦIодор буго, - ян михъида квер бахъун абуна цIунцIраялъ.

- Бегьулеб батани, дун нужер азбаралде ваче, нужер гIумру бихьизе бокьун, цIакъ рикIкIадаб планета Марсалдаса рещтIанин дун нужехъе, - ян абуна Марсилас.

- Валлагь, гьабила гьоболлъиги, валлагьи бихьизабила нижерго гIумруги, гьоболасул мурад тIубаялдаса



тIадегIанаб жо щиб букIинеб гьаб нижер Кавказалда, – ян ЦIодоралъ Марсилав жиндаго цадахъ вачун ана гьоболлъухъ. Роза-наялъ ва Марсилас кIиязго цоцадаса рикIкIалъизегIан, кверал хьвагIун, къо-мех лъикI гьабулеб букIана цоцазе.

*(Марсиласул хадусеб сапаралъул хадуб бицине тана)*

# Кроссворд




**ГIЕБЕДЕ:** 1. Берцинаб хIинчI? 3. Бахчаялъул тIощел? 5. Ихдалил моцI? 6. Рохьил хIинчI? 7. Лъадал чвахи? 8. ЦIалдохъанасул алат? 9. ГIадлу?

**ГIОДОБЕ:** 1. Музыкалияб алат? 2. Гъадаро? 3. Хьаг? 4. НекIсияб туманкI?

## „Лаченалъул“ дарсида

## Математика

Тарихазда гьоркьор жубай, бахъи, бикьи, кьабиялъул гIаламатал (знакал) лъе хIасил 50 кколедухъ:



| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10 | 5 | 33 | 12 | 2 | = 50 |
| 63 | 47 | 5 | 50 | 10 | = 50 |
| 25 | 31 | 4 | 47 | 11 | = 50 |



# Кинидахъ кечI






* * *

Биараб гIарцул тIурай,
ПартIул ролъул гьаюрай,
Меседкунал гIомо гьай,
ГIарцукунал чалу гьай,
Чакаралъул кило гьай,
Кавказалъул бурутI гьай.

* * *

Эгъегун гъал бащадай
Гъунисезул меседо,
Гъалгун габур бащадай
КIикIундерил сурахIи.

* * *

Эбелалъе йокьулей
Ракьа гьечIеб чамасдак,
Адаязе хирияй
Ххам борцунеб гIарцул натI.

* * *

Мугъ берцинай кочIохъан,
ТIох берцинай кьурдухъан,
РитIи берцинал кверал,
Рахъи берцинал хIатIал.

* * *

ХIатIал мокъокъилай,
Берал цIудулай,
Къадру тIавусилай,
Бакъан хIанчIилай.

* * *

ТIину хIалал хIорабахъ
Лъалъадилей ятаги;
ХIубал гIебал кIалгIабахъ
Юкъарилей ятаги.

# Васазе ахIулел



* * *

Гьарун бараб цIадал щуб,
ЦIалун щвараб бакъул нур,
АхIизе цIар берцинав,
Бихьизе куц беричав.
Гьанги белъун, чед бежун,
Чанавеги унев ав.
Чуги бачун, цIал кьабун,
ЦIоровеги унев ав.

* * *

Берал берцин – цидул тIинчI,
Цаби гIисин – гIанкIил тIинчI,
ГIундул къокъаб – бацIил тIинчI,
Хехлъи гьабун кIудав гIей!

* * *

Месед цIунулеб кIуни,
КIулал рахалеб гъамас,
Гъансиниб лъолеб сагIат,
СанкIиниб лъолеб гIарац.

* * *

КIанцIун чоде вахарав,
ЧIухIун ярагъ борчарав;
Бехе унеб хехаб гIор
Жанив кIанцIун бахарав;
Харилъ бугеб аздагьо
КIихIи къотIун рехарав;
Лъабнухида хъала бан,
Тушбабигун вагъарав.

* * *

Гулла гIадав лъугьаги,
Гурга гIадав лъугьаги.
Базаралъул къали гIадав ватаги,
Къебедасул квартIа гIадав лъугьаги.
Чанахъанасул бер гIадинав лъугьаги,
БегIераб гIащтIи гIадинав ватаги.




Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

3/2015

май - июнь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов



Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)



Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М.Муталибов
Художник обложки А. Качаев

Выход в свет 30.06.2015 г.
Тираж 1560 экз.
Заказ № 53

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс». Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.